



**Ongororo yetatu munyika
yeZimbabwe yekucherechedza
budiriro pamusoro pekodzero
dzevanhu inoitwa nesangano
romubatanidzwa wenyika
dzepasi rose**

**Chinyorwa chezvakaabva
kumasangano anorwira kodzero
dzavanhu munyika
14 Chikunguru 2021**

Vakatungamira hurongwa:



Vakatsigira hurongwa:



Ambasáid na hÉireann
Embassy of Ireland



Zviri mukati mebhuku iri

CHIKAMU A: NHANGANYAYA NENHOROONDO	5
Mamiriro akaita nyaya dzekodzero dzevanhu munyika muchidimbu	5
F31 - VANA VADIKI: KUCHENGETEDZWA KWEVANA VADIKI: KUROORWA KWEVANA VADIKI	7
F31 - VANA VADIKI: MUKANA WEKUNYORESZA ZVITUPA	7
F13 - MHIRIZHONGA NEKUSHUNGURUDZWA KWAVANHUKADZI	9
F12 - KUSARURWA KWEVANHUKADZI; KUSIMUDZIRA VANHUKADZI	10
E41 - KODZERO PANEZVEUTANO – NZVIMBO DZOKURAPWA: ZVIPATARA NEKUNOWANIKWA VANAMAZVIKOKOTA; KUDZIDZISWA BASA KWEVASHANDI VEZVEUTANO	12
F4 - VANHU VANORARAMA NEHUREMA; KUCHERECHEDZA NYAYA YEDZIDZO YAVO, KUVAGONESA KUPINDA MUZVIVAKWA ZVIRINYORE	15
D32 - KUNYANGARITSWA KWEVANHU NECHISIMBA: MHIRIZHONGA DZEVEMATONGERWO ENYIKA; KUNYANGARIKA KWAITAI DZAMARA	16
D43 - RUSUNUNGUKO RWEKUTI VANHU VATARIDZE MAFUNGIRO NEMAONERO AVO	17
A61 - KUSHANDA PAMWECHETE NEMASANGANO ANORWIRA KODZERO NEUGARO HWAKANAKA HWEVANHU; KUTEVERERA ZVAKAKURUDZIRWA MUONGORORO KUONA KUTI ZVIRI KUTEVEDZERWA HERE	18
H1 - VANORWIRA KODZERO DZAVANHU – MAMIRIRO EZVINHU MUNYIKA KUMASANGANO ANORWIRA KODZERO DZEVANHU NEANOSHANDIDZANA NAVO	18
D33 - KUSUNGA VANHU ZVISINA MWERO NEKUVAPFIGIRA - KUSHANDISA SIMBA, KURWADZISA, KUTYISIDZIRA, NEKUSHUNGURUDZA	20
B51 - NZIRA DZINOSHANDA KUGADZIRISA MATAMBUDZIKO – KUVANDUDZA MUKANA WEKUWANISA VANHU RUBATSIRO PANE ZVEMUTEMO	21
D51 - MAFAMBISIRWO ENYAYA PAKUTONGWA, KUTONGWA KWAKAFANIRA UYEZVE KUSUNUGUKA KWEVANOTONGA	22
A41 - HURONGWA HWEMASHANDIRO EBUMBIRO ROMUTEMO WENYIKA NEMIMWEWO MITEMO; KUONGORORA ZVEKARE MITEMO NOKUIDZOREREDZA KUTI IFAMBIRANE	23
D7 - KODZERO YEKUPINDAWO PANE ZVINE CHEKUITA NERUZHINJI UYE NEKODZERO YOKUVHOTA PASARUDZO; MAKOMISHINI AKAZVIMIRIRA OGA ESARUDZO	24

Pfupikiso yemazwi akashandiswa mubhuku rino

ACRWC	Chibvumirano chenyika dzemuAfrica chekodzero nehugari hwakanaka hwevana
BEAM	Chirongwa chokubatsira vana padzidzo yepasi
BVR	Kunyoresa kuvhota pachishandiswa zvidhindo zvemimwe nemifananidzo
CAT	Chibvumirano chinorambidza nzira dzinorwadza uye nekushungurudza vanhu kuti vareurure kana kubvuma zvavasingadi
CCZ	Dare rinogurwa dzinechokuita neBumbeiro remutemo wenyika mu Zimbabwe
CEDAW	Chibvumirano chokubvisa mhando dzose dzinosarura vanhukadzi
CSOs	Masangano anorwira kodzero dzavanhu
GBV	Mhirizhonga pakati pevanhukadzi nevanhurume
GFPs	Vanhu vakasarudwa kuita basa rokucherechedzwa kuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume
GoZ	Hurumende yeZimbabwe
HCP	Tsika nemaitiro anokuvadza
HRBA	Hurongwa hunoisa kodzero dzevanhu mberi
HRC	Dare rekodzero dzavanhu
HRDs	Vanhu vanorwira kodzero dzevanhu
IECMS	Hurongwa hwekushandisa nzira inounganisa basa rose pamwechete pachishandiswa nzira dzemazuva ano dzinounyanzvi
VFUs	Nzvimbo dzinobatsirwa vamhan'ari vakasununguka
LAD	Sangano rinobatsira vanhu pachena pane zvemitemo
MDC	Zita rebato rematongerwo enyika Movement for Democratic Change
MOPA	Mutemo wokuchengetedzwa kwerunyararo nekugadzikana munyika
MWAGCD	Bazi rehurumende rinoona nezvevanhukadzi nekuenzaniswa kwemikana pakati panhukadzi nevanhurume nekusimudzirwa kwenharaunda
NA	Paramende yepasi
NGO	Sangano rakazvimirira roga zvisinei nehurumende
NPRC	Komishini inoona nerunyararo nekuyanana munyika
PVO	Mutemo unoona nezvamasangano akazvimirira akazvipira kupa rubatsiro munyika
PWDs	Vanhu vanorarama neurema
SADC	Sangano remubatanidzwa wenyika dzokuchamhembe kweAfrica
SGBV	Mhirizhonga nekushungurudzwa zvepabonde pakati pevanhukadzi nevanhurume
SR	Nhume inebasa rakakosha inobva kusangano remubatanidzwa wenyika dzepasi rose
SRRHR	Kodzero dzine zvokuita nepabonde nekubereka
UN	Sangano remubatanidzwa wenyika dzepasi rose
UNCRC	Chibvumirano chiri pamusoro pekodzero dzevanavadiki chesangano remubatanidzwa wenyika dzepasi rose
UNCRPD	Chibvumirano chiri pamusoro pekodzero dzevanorarama neurema chesangano remubatanidzwa wenyika dzepasi rose
UNHCR	Sangano remubatanidzwa wenyika dzepasi rose rinoona nezvekodzero dzevapoteri
UPR	Ungororo yemariro ekodzero dzevanhu inoitwa nesangano remubatanidzwa wenyika dzepasi rose
VAW	Mhirizhonga inoitirwa vanhukadzi
WCOZ	Sangano remubatanidzwa wevanhukadzi vemuZimbabwe

WHO	Sangano rinoona nezvehutano pasi rose
ZADHR	Sangano remubatanidzwa wanaChiremba vekodzero dzevanhu munyika muZimbabwe
ZEC	Komishini yemuZimbabwe inoona nezvesarudzo
ZGC	Komishini yemuZimbabwe inoona nezvekuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume
ZHRC	Komishini yemuZimbabwe inoona nezvekodzero dzavanhu
ZLHR	Sangano ramagweta emuZimbabwe anoona nezvekodzero dzavanhu
ZNA	Mauto emuZimbabwe
ZRP	Mapurisa emuZimbabwe

CHIKAMU A: NHANGANYAYA NENHOROONDO

Mamiriro akaita nyaya dzekodzero dzevanhu munyika muchidimbu

1. Kunyangwe zvazvo pakava nebudiriro mukushandiswa kwekurudziro dzakabuda muongororo yakafanana neino yakamboitwa kumashure, pachinenyaya dzakawanda dzezvekodzero dzavanhu dzisati dzagadziriswa panguva ichataurwa nezvayo muchinyorwachino.
2. Mauto akaonekwa achipindira pashanduko yakavapo pane zvevatongerwo enyika munaMbudzi wegore ra2017, izvo zvakaita kuti vaimbova mutungamiri wenyika, VaRobert Mugabe, vasiye basa. Izvi zvakashandura mamiriro ezvevatongerwo enyika muZimbabwe zvikakonzero kuti mamwe mabasa ehurumende ave pasi pevanhu vaimbove mauto.
3. Sarudzo dzakaitwa munyika musu wa30 Chikunguru mugore ra2018 dzakaitwa hadzo murunyararo asi masangano akanga achidziongorora akadonongodza zvinhu zvizhinji kwazvo zvaifanirwa kushandurwa maringe nesarudzo. Zvizhinji zvezvinhu izvi hazvisati zvagadziriswa kunyangwe nyika yakatarisana nesarudzo muna2023. Vanochengetedza runyararo munyika vakashandisa simba rakanyanyisa pakuratidzira kwakaita veruzhinji vachida kuti zvakabuda musarudzo zviziviswe musu wa1 Nyamavhuvhu, 2018. Izvi zvakakonzero kuti vanhu vanosvika vatanhatu vafe mushure mekupfurwa nepfuti, vazhinjiwo vakakuvara. Zvakakumbirwa kuti zvigoitwa neKomishini yakapiwa basa rekuita tsvakurudzo panezvakaikita musu uyu hazvisati zvaitwa kusvika parizvino.
4. Matambudziko anechekuita nezvehupfumi akaita kuti vanhu varatidzire munaNdira wegore ra2019 vachipikisa kukwidzwa kwemutengo wemafuta edzimotokari, uko kwaizokonzerawo kuti mitengo yezvinhu zvinodiwa pararamo yevanhu ikwire. Vanoona nezvekuchengetedzwa kwerunyararo munyika pakuedza kudzivisa kuratidzira uku, kunyanya masoja nemapurisa, vakashandisa simba rakapfurikidza mwero vanhu vakasungwa vachingoitwa zvekukumbwa nekutongwa zvechimbichimbi.
5. Muna Kukadzi, 2020 Zimbabwe yakavamba hurongwa hwekurambidza vanhu kufamba-famba, kusara kweavo vanoita mabasa akakosha, vavariro iri yekudzivirira kupararira kwedenda reutachiona hweKHOVIDHI-19. Rusarura nemhirizhonga pakushandisa mutemo zvichienderana nokuti munhu ndewebato ripi, pamatanho nezvisungo pakuwaniswa kwekodzero nerusununguko, nekudziviswa zvisina mwero kuti vanhu vawaniswe kodzero dzavo.
6. Kushanda kwakasununguka kwemasangano anorwira kodzero dzevanhu neugaro hwakanaka kwadzikira zvinotyisa. Mitemo mitsva iri kufungwa nezvayo inosanganisira kuvandudza mutemo wemasangano akazvimirira oga evanoita basa nokuzvipira, mutemo wechinyorwa chinobatanidzira mhosva dzakawanda dzakaiswa pamwechete uyezve newekuti vanhu vaite zvinoratidza kuti vanoda nyika yavo. Mitemo iyi ichakanganisa mashandiro eavo vanorwira kodzero dzevanhu nemasangano anoshanda akazvimirira oga (maNGO), kunyanya anoita mabasa anechokuita neutongi.
7. Kubva muna 2017, hurumende yakaendesa kuparamende zvinyorwa zviviri zvaida kukurukurwa nezvazvo maringe nokushandura zvinhu zvakawanda muBumbari remutemo wenyika. Kushandurwa kwemitemo uku kuchakanganisa zvakananyanya

kushanda kwakasunguka kwemabandiko matatu ehurumende anoti: evanotonga nyika, evanogadzira mitemo uyezve nevanotonga mhosva kumatare. Izvi zvichatutsira masimba kubandiko rinoita nezvekutonga nyika kuti risarudze majaji nevamwe vakakosha vanoona nezvekutongwa kwedzimhosva uyewo mukuru wevachuchisi munyika. Kushandurwa kwemitemo iyi kuchakanganisa basa reparamende rokuona kuti bandiko revanooona nezvekutonga nyika raita basa raro nemazvo here.

Nzira dzakashandiswa kuwana zviru muchinyorwa chino

Muchinyorwa chino mune mashoko ekurudziro akanongwa-nongwa kubva pamisangano yehurukuro dzaitwa nguva nenguva kubva mugore ra2016 nemasangano anorwira kodzero dzavanhu. Masangano awa akatevera achitarira kuona kuti mazano ekurudziro akaitwa paongororo dzakapfuura kumashure akatevedzerwa here. Mashoko ari muchinyorwa chino akaunganidzwa nemasangano anorwira kodzero dzavanhu anoshandira muZimbabwe. Masangano aya akanga achiita mabasa anehurongwa hwakasiyana-siyana aakapiwa uye chinyorwa chino chinotaridza hunyanzvi hwemabasa emasangano aya. Zvizhinji zvezviri muchinyorwa chino zvinhu zvinozivikanwa nemasangano aya zvaakasangana nazvo pabasa rawo. Masangano anorwira kodzero dzevanhu aya akatsinhira kuti zvechokwadi mashoko ari muchinyorwa chino akabva kwavari semanyorerwo aakaita. Sangano reUN Women ndiro rakabatsira nekutsigira masangano anorwira kodzero dzavanhu neruzivo rwakadzama rwezvaidiwa uye nemari kubva basa rechinyorwa chino richivambwa kusvika richipera.

CHIKAMU B: KUSHANDISWA KWEZVAKAKURUDZIRWA KUTI ZVIITWE NEONGORORO DZEKUMASHURE

F31 VANA VADIKI: KUCHENGETEDZWA KWEVANA VADIKI: KUROORWA KWEVANA VADIKI¹

Zvakaitwa muchidimbu:

8. Hurumende yeZimbabwe, ichiwana simba kubva panezvakagurwa nedare rekumusorosoro remunyika panyaya yaMudzuru muna2016,² iri mubishi kuita matanho ekuti mutemo wezvevanano ushandurwe vanhu vasapinda muwanano vachiri pasi pemakore gumi nemasere ekuberekwa. Patove nehurongwa hwakatovambwa kare munyika munaChivabvu, 2021³ hwokuda kupedza kupinda muwanano kwevana vadiki vari pasi pezera riripamutemo.
9. Nyaya dzekuroorwa kwevana vadiki munyika rinotova dambudziko chairo. Patsvakurudzo yakaitwa nezvenyaya iyoyi muna2019 kubva kumapoka akawanda akasiyanasiyana, pakaonekwa kuti munhukadzi mumwechete pakati pevanhukadzi vatatu, zvikamu makumi matatu nevana kubva muzana vari pakati pemakore makumi maviri kusvika kumakumi maviri nemana vakapinda muwanano kekutanga vasati vasvitsa makore gumi nemasere ekuberekwa. Pakava nekuenzaniswa pavanhukadzi vekumaruwa nevekumadhorobha vari pakati pemakore makumi maviri kusvika kumakumi maviri nemana ekuberekwa evakapinda muwanano vasati vasvitsa makore gumi nemasere ekuberekwa. Kumaruwa kwakaonekwa kuti vanhukadzi vaviri pavashanu voga voga uyewo kumadhorobha kukaonekwa kuti munhukadzi mumwechete kubva pavashanu vakawanikwa vasati vasvika zera remakore gumi nemasere ekuberekwa.
10. Kuyangwe zvazvo Bumbiro roMutemo rava kurambidza kuti vana vadiki vapinde muwanano, hapasati pave nemutemo unosungwa nekuzoranga vanhu vakuru vanenge vapinda muwanano nevana vakadai. Nokudaro, nyika ichiri kumashure zvakanyanya pakusvika pachiyero chakaisa chokuti papedzwe nyaya dzekuroorwa kwevana vadiki gore ra2030 risati rapfuura.

11. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kuchimbizika pazano rineurongwa hwekupedza nyaya dzekuroorwa kwevana vadiki
- b. Kutora matanho emitemo anoita kuti vanenge varoora vana vadiki vasungwe, uye zvizivikanwe kuti chinhu chakashata patsika nehunhu uye nepachitenderano. Izvi zvaikwanisika kuburikidza nemutemo mutsva wezvevanano, uye mumutemo wechinyorwa chinobatanidzira mhosva dzakawanda dzakaiswa pamwechete.
- c. Kubatsira vana vanenge varoorwa vari vadiki nokuvatsvakira zvinhu zvingavabatsira pararamo sezvinotaurwa muchinyorwa chomutemo wezvinotarirwa mumubatanidzwa wenyika dziri kuchamhembe kwedunhu reAfrica.

F31 - VANA VADIKI: MUKANA WEKUNYORESA ZVITUPA⁴

Zvakaitwa muchidimbu:

12. Hapana zvakawanda zvati zvaitwa kubva muna 2016, kunze kwezvishoma pano neapo

kuwanisa vanhu vagwaro awa mumadhorobha kuburikidza nokufamba kwevekumahofisi kunzvimbo nenzvimbo vachitenderera vachinyoresa, asi izvi zvoga hazvina kukwana pabasa rakaita sairori. Hapana zvati zvaitwa zvakakura kutsvaka kugadzirisa dambudziko irori zvachose nokuda kokupinzwa kwezvematongerwo enyika panyaya dzokutorwa kwemagwaro akakosha akaita sezvitupa munyika.

13. Mugore ra2019 kuGeneva kwakava nemusangano webandiko repamusoro wakakokerwa neveUNHCR pamusoro pematanho anofanirwa kutorwa pasi rose kupedza dambudziko rokuti vanhu vanoshaya magwaro anoratidza kuti ndivanani uye kuti vanobva kunyika ipi. Pamusangano uyu Hurumende yeZimbabwe yakavimbisa kuti “panosvika 2024, pachange parerutswa nekuvandudzwa nzira dzekunyoreswa mapepa ekuzvarwa kwavanhu kusanganisira kupa zvitupa zvokuzvarwa (mabhesetifiketi) kuvana vezvizvarwa zvekunedzimwe nyika vanenge vakapinda munyika kuzotsvaga mabasa, nevanenge varambirwa zvikumbiro zvokuva vapoteri kuti pave nechokwadi chokuti munhu wese anyoreswa”.
14. Munyika ino mugore ra2019 veZHRC vakatenderera munyika vachiita tsvakurudzo yezvekuwaniswa kwemagwaro anokosha akaita sezvitupa, mabhesetifiketi, mapasipoti, magwaro evashakabvu, nemamwe akakosha. Zvakaonekwa kuti hazvisi nyore kuwana magwaro akakosha anosanganisira mabhesetifiketi.
15. Mamwe ematambudziko aya anosanganisira kuwana nzvimbo dzokunyoresa, mari dzinodiwa pakunyoresa, zvinhu zvisingawanikwi nyore zvinodiwa, kusashanda nemazvo kwevemahofisi ekuzvitupa, nezvimwewo.

16. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kuzadzikisa zvakavimbiswa kuUNHCR uye nekutora matanho kuti panosvika gore ra2024 munhu wese anofanirwa kunge anyoreswa.
- b. Kuva nenzvimbo dzekunyoresa munharaunda dziripedyo nepanogara vanhu madhisitirikiti.
- c. Kubvisa zvipingaidzo zvose zvezvinodiwa pakufambisa basa rekunyoresa zvinosanganisira mari inobhadharwa mukutoresa mapepa ekuzvarwa, nemari dzinodiwa kuti munhu atsvakirwe magwaro. Zvinhu izvi hazviwanikwi nyore navanhu vazhinji vanogara kumaruwa pamwechete nevapoteri.
- d. Kugadzirisa mitemo kuti ifambirane nezvakanyorwa muBumbiro roMutemo wenyika panyaya dzekuwanisa vanhu magwaro akakosha anosanganisira mapepa ekuzvarwa. Mitemo iyi inosanganisira: unoratidza kuti munhu chizvarwa chenyika ipi, wemagwaro ezvekurwara kwevanhu nevashakabvu, uye inoona nezvekupinda nekubuda munyika.
- e. Kugamuchira zvakasungwa muchibvumirano chegore ra1961 chekudzikisa uhwandu hwevanhu vangashayiwa magwaro anoratidza kuti vanobva kunyika ipi. Pamusoro paizvozvo, kutora zvisungo zvirimuchibvumirano ichi zvoiswawo mumitemo yenyika inoratidza kuti munhu chizvarwa chenyika ipi. Izvi zvichiitirwa kuva nechokwadi chokuti mwana wose awaniswa kodzero yokuwana magwaro anoratidza kuti chizvarwa chenyika ipi.

F13 - MHIRIZHONGA NEKUSHUNGURUDZWA KWAVANHUKADZI⁵

Zvakaitwa muchidimbu:

17. Pachitariswa kuti huwandu hwenyaya dzinechekuita nemhirizhonga pakati pevanhukadzi nevanhurume hwawedzera muZimbabwe, hurumende inotendwa nebase rairikuita kuedza kuisa mitemo inodzivisa mhirizhonga nekushungurudzwa kwevanhukadzi. Mhirizhonga pakati pevanhukadzi nevanhurume yakawedzera nezvikamu makumi matatu nemashanu kubva muzana. Zvikamu gumi nezvina kubva muzana zvevanhukadzi vari pakati pemakore gumi nemashanu⁶ kusvika pamakumi mana nemapfumbamwe okuberekwa ndivo vakamhan'ara nyaya dzokushungurudzwa zvinechokuita nezvepabonde. Vanokwana zvikamu makumi maviri nezvishanu kubva muzana vakamhan'ara nyaya dzokurwiswa kubva vachinemakore gumi namashanu ekuberekwa.
18. Mitemo inokosha inosanganisira unoona nezvekudzivirirwa kwemhirizhonga mudzimba uyo unoumba kanzuru inoona nezvekudziviswa kwemhirizhonga mudzimba. Mimwe mitemo inosanganisira unorambidza kutorwa kwevanhu vachiendeswa kune dzimwe nyika zvisiri pamutemo. Mumwe mutemo ndiwo urimuBhuku rakagukuchira mhosva dzakazonyorwa pasi . mutemo iwowu uri kuvandudzwa kuti uve nechirango chakatarwa pasi chingatemerwa, chiri pakati pemakore mashanu kusvika kumakore makumi maviri, kana munhu awanikwa ainemhosva yekubata chibharo kana kuti inechokuita nezvepabonde.
19. Zvinofadzawo kuti hwaro hwekufambiswa kwehurongwa hwekurwisana nemhirizhonga pakati pevanhukadzi nevanhurume hunosanganisira hunotevera:
Hurongwa hunobata nyika yose pamusoro penyaya dzemhirizhonga pakati pevanhukadzi nevanhurume.
Hurongwa hwaitarisirwa kushanda kubva mugore ra2016 kusvika mugore ra2020 huri hwekudzivirira mhirizhonga nekutora matanho kana mhirizhonga yaitika.
Hurongwa hwaitarisirwa kushanda kubva mugore ra2019 kusvika mugore ra2021 hwematanho ekurwisana nekubudiswa kwevanhu munyika zvisiri pamutemo.
Hurongwa uhwu hwakananga kubatsira kushanda zvakanaka kwemutemo weChikamu 9:25, uyo unorambidza kubuditswa kwevanhu munyika zvisiri pamutemo.
Hurongwa hunotendera kuti vanenge vaparirwa mhosva vamhan'are kana kupa uchapupu vakasununguka pasina kutya vasungwa. Hurongwa uhu hunosanganisira vekumatara, mapurisa nevanoona nezvevasungwa vanenge vachipika zvirango. Izvi zvinobatanidzira hwaro hunenge hwakarongwa hwezvemafambisirwo emhosva pachibatiranwa pakupedza nyaya dzemhirizhonga dzinoitirwa vanhukadzi.
20. Mhirizhonga yawedzera zvakananyanya pakati pevanhukadzi nevanhurume nekuda kwezvisungo zvekurambidzwa kwevanhu kufamba nokuda kwedenda reKOVHIDHI-19. Muna2020, pane chinyorwa chakabuda chinemashoko anotaridza kuti mhirizhonga pakati pevanhu vanodanana yakawedzera kubva zvatanga kurambidzwa vanhu kufamba nekuda kwedenda. Mhirizhonga dzinosvika pazvikamu makumi manomwe nechimwe, nechidimbu chimwechete kunze kubva muzana dzakamhan'arwa⁷ kunyanya nevanhukadzi vanoshaya, vanhukadzi varikumaruwa uye vasikana nevanhukadzi vanorarama nehurema.
21. Kuburikidza nenhare dzinopa vanhu rubatsiro panyaya dzemhirizhonga pakati pevanhukadzi nevanhurume, VeMusasa Project vakatambira mafoni zviuru zvitanzu zvinamazana maviri kubva patanga zvisungo zvinorambidza vanhu kufamba nekuda kwedenda musi wa 30 Kurume, 2020 kusvika musi wa 27 Mbudzi, 2020. Huwandu

hwemafoni avakatambira panguva iyi zvakawedzera nezvikamu makumi matanhatu kubva muzana, zvichienzaniswa nemafonero aimboita vanhu kumashure (OCHA, 2020).

22. Munezvematomongerwo enyika, pasarudzo vanhukadzi vanova zvikamu gumi nezviviri kubva muzana ndivo vakakwanisa kupinda muparamende yepasi, pasingaverengwi avo vakatochengeterwa zvigaro zvavo nechekare vanosvika makumi matanhatu. Uku kutodzikira zvichienzaniswa nevanhukadzi zvikamu gumi nezvina kubva muzana zvevakakunda mugore ra2013. Musarudzo dzemakanzura, vanhukazi zvikamu gumi nezvishanu kubva muzana ndivo vakakunda. Kunyangwe hazvo kakava kekutanga kuti vanhukadzi vakwikwizde pachigaro chokuda kuva mukuru wenyika, asi vanhukadzi vakakwikwidza musarudzo idzi vakangova zvikamu gumi nezvinomwe kubva muzana uye vakasangana nedambudziko rekutukirirwa uye nekutaura kusina kuti tsvikiti kunotaridza ruvengo mukati.

23. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Hurumende yeZimbabwe inofanira kutungamira basa kuti pave nehurongwa hunotariswa nyaya dzechutano hunechekuita nezvepabonde uye nekuberekana kwavanhu, mhirizhonga inoitika pakati pevanhukadzi nevanhurume uye hunhu, tsika nemagariro zvakaipa.
- b. Kushandura hwaro hwemitemo nekuva nechokwadi kuti panotariswa dzimwe mhando dzemhirizhonga dzinosanganisira kutukwa nemashoko, zvinechekuita nezveufumi, kushurudzwa mupfungwa nemuhana.
- c. Kuti mabasa ose anobatsira panyaya dzemhirizhonga pakati pavanhurume nevanhukadzi (kusanganisira kungaendeswa vanhu kunogara, mafambisirwo anoitwa nyaya kuti vamhan'ari vawane rubatsiro vakasununguka vasingatyi vasungwa uye nenhare dzekufona kuti vabatsirwe) aiswewo pasi pemupanda wemabasa akakosha panguva iri kurambidzwa vanhu kufamba nekuda kwedenda reKovidhi-19.
- d. Kurerutsira vanhukadzi matanho avanofanirwa kutevedza pakumhan'arira vanenge vavashungurudza nyaya kumatare kuti vachengetedze runyararo.
- e. Kuisa matanho anoita kuti vanhurume vatambirewo nekushanda zvakanaka nevanhukadzi pamabasa ezvematomongerwo enyika.

F12 - KUSARURWA KWEVANHUKADZI; KUSIMUDZIRA VANHUKADZI⁸

Zvakaitwa muchidimbu:

24. Kuburikidza nechitsauko chechimakumi mashanu nenhanhatu (36) cheBumbiro remutemo wenyika, hurumende yeZimbabwe yashanda zvakananyanya panyaya dzekuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume. Basa rafamba zvakananyanya kusimudzira nyaya dzokuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume, pane nzvehupfumi uye nemikana yekuwanawo mari panguva iri kutaurwa nezvayo iyi. Pane hurongwa huripo hwakasimba hwekufambisa basa kuburikidza nokuti panevanhu vakasiyanasiyana kusanganisira:

Bazi rehukumende rinoona nezveVanhukadzi, Kuenzaniswa kwemikana uye neBudiriro munharaunda; Vanhu vakamirira basa rezvekuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume; masangano evanhukadzi, Komisheni inoona nezvenyaya

dzekuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume muZimbabwe (ZGC); chinyorwa chine hwaro hunofanirwa kutevedzwa panyaya dzokuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume; mamwewo masangano uye nezvimwewo zvakamisikidzwa kubatsiridza kusimudzirwa kwezvekuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume. Zviri kucherechedzwa zvakare kuti panematanho emitemo arikuda kuiswa kuedza kuwedzera nguva yokuti zvigaro makumi matanhatu muparemende, sezvinotenderwa neBumbeiro remutemo wenyika, zvirambe zvachengegeterwa vanhukadzi kusvika mugore ra2028. Asika, chiri kudiwa parizvino kutevedzera zviri pachitsauko chegumi nenomwe cheBumbeiro remutemo wenyika chinoti vanhukadzi vawaniswe mukana wekusarudzwa chidimbu chiri pakati nepakati pazvigaro mazana maviri negumi zviri muparemende. Awa ndiwo mamiriro akaita zvigaro zvakabatwa nevanhukadzi munyika, izvi zvinosanganisira zvavakawana nekukunda musarudzo uye nevakazongosarudzawo nehutungamiriri:

Mudare remakurukota ehurumende, vanhukadzi vanosvika zvikamu makumi maviri nezviviri nezvidimbu zvinomwe kubva muzana. Muparemende yepasi munevanhukadzi vanosvika zvikamu makumi matatu nechimwe kubva muzana. Kumakanzuru vanhukadzi vanosvika zvikamu gumi nezvitatu nezvidimbu zvitatau kunze kubva muzana. Kuboka revanomirira nyika kunze kunevanhukadzi vanosvika zvikamu makumi maviri neshanu nezvidimbu zvitatanhatu kunze kubva muzana. Kubandiko rezvekutongwa kwedzimhosva kumatare kune vanhukadzi vanosvika zvikamu makumi matatu nepfumbamwe kubva muzana.

25. Panezvesarudzo, pamapato makumi mana nemanomwe ezvematongerwo enyika, anosvika makumi maviri nemanomwe chete ndiwo akapa munhukadzi mumwechete zvichienda mberi mukana wokukwikwidza pasarudzo dzeparemende yepasi mugore ra2018. Zvikamu zvingananavira gumi nezvishanu kubva muzana (vanhu mazana maviri nemakumi mana nevatatu) pavanhu chiuru chimwechete chinamazana matanhatu ane makumi mashanu nevaviri evakakwikwidza pasarudzo dzeparemende yepasi, vakanga vari vanhukadzi. Vanhukadzi zana nemakumi mana nevanatanhatu pavanhu mazana maviri ane makumi mapfumbamwe ndivo vakakwikwidza pazvigaro zveparamende yepamusoro (Seneti).

26. Panezvedzidzo, kunyangwe hazvo vana vanosvika zvikamu makumi manomwe nezvisere kubva muzana vachikwanisa kupedza zvidzidzo zvepuraimari, pachinedambudziko rekuti vanasikana vaende kusekondari. Vanasikana vanosvika zvikamu makumi mana nemasere kubva muzana vanenge vakatarisirwa kuti vapinde muwanano vachiri vadiki kana kuti vange vatove nepamiviri.

27. Vanasikana vanosiyira zvikoro panzira nekuda kwekushaiwa mbatya dzokushandisa pavanenge vava kutevera pamazuva avo kunyangwe hazvo Mutemo wezvedzidzo munyika uchiti mbatya idzi vanofanirwa kudziwaniswa pachena.⁹

28. Panezvekusimudzira vanhukadzi munezvehupfumi, muZimbabwe mune bhanga reWomen's Bank rakavhurwa mugore ra2018. Vanhukadzi vanosvika zvikamu makumi maviri nezvinomwe kubva muzana ndivo chete vakawana mukana wokuwana rubatsiro nenzira dzekunyoresa mumabhanga, zvichireva izvo kuti vakaita zvikamu gumi kubva muzana kana pachitariswa zvikereti zvese zvakapiwa (UN, 2018). Zvekusvikawo muna Mbudzi wegore ra2018, bhanga iri rakapa zvikereti zvinosvika zana nemakumi mana nemapfumbamwe zvichidaidza mari inosvika miriyoni imwechete yemadhora ekuAmerica.

29. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Hurumende yeZimbabwe inofanirwa kutungamira kufambiswa kwehurongwa hwebasa munyika yose panyaya dzekuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume nokuwanisa mari dzakakwanirana nedonzvo rokutanga nekusimudzira uye nekutoita zvirongwa zvekuenzaniswa kwemikana pakati pevanhukadzi nevanhurume mumapoka ose munyika.
- b. Kuchimbidzika kuisa mitemo inokosha iri muzvibvumirano zvinechokuita nekodzero dzevanhukadzi.
- c. Kutevedzera zvakanyorwa muBumbiro remutemo wenyika kuti vanhukadzi vawanewo huwandu hwezvigarwo zvakaenzana nezvevanhurume kuburikidza nekukwikwidza pasarudzo kanawo nekusarudzwa nehutungamiri.

E41 - KODZERO PANEZVEUTANO – NZVIMBO DZOKURAPWA: ZVIPATARA NEKUNOWANIKWA VANAMAZVIKOKOTA; KUDZIDZISWA BASA KWEVASHANDI VEZVEUTANO¹⁰

Zvakaitwa muchidimbu:

30. Denda reKOVHIDHI-19 raita kuti nzvimbo dzanga dzisisataridziki zvakanaka dzigadzirwe kuitira kuwanisa rubatsiro kuvanhu vanenge vabatwa neurwere. Izvi zvakonzerawo kuti nzvimbo itsva dzigovhurwa, kuti patsvakwe mbatya nezvinoshandiswa kudzivirira kubatwa neutachiona, zvekushandisa kuongorora kuti munhu anehutachiona here uye nemishonga yekubaya kudzivirira denda iri. Mishonga yekubayiwa kudzivirira denda yakanga ichiwanikwa pachena kusvika muna Chivabvu, 2021 asi ikozvino yava mishoma. Vanhu vanosvika zviuru makumi mana nesere namazana mashanu nemakumi matatu navatatu vakaonekwa kuti vanehutachiwona hweKOVHIDHI-19 zvekusvika musu wa30 Chikumi, 2021. Vanhu vanosvika chiuru chimwechete nemazana manomwe ane makumi matanhatu nemumwe ndivo vakashaya. Izvi ndizvo zvakaziviswa kusanganano rinoona nezveutano pasi rose. Zvekusvika musu wa28 Chikumi, 2021 kwanga kwabayiwa nhomba dzinosvika miriyoni rimwechete rine zviuru zana zvinemakumi mana nenhanhatu nemazana matatu anemakumi manomwe nevasere dzanga dzabayiwa vanhu.¹¹
31. Asika, rubatsiro rwemari kubandiko rezveutano rwadzikira kwazvo kubva pamamiriyoni mazana manomwe anemakumi mana nemashanu amadhora ekuAmerica kubva mugore ra2016 kusvika mugore ra2018, kudzika kusvika pamamiriyoni anosvika mazana mashanu amadhora ekuAmerica mugore ra2020. Hurongwa hwekushandiswa kwemari hwakapedzisira kuitwa hwakatadza kusvika pachiyero chezvikamu gumi neshanu sezvakatenderanwa nechisungo chaikaitwa Abuja kunyangwe pakava neshanduko irinani kubva pazvikamu zvinomwe kubva muzana mugore ra2019 kuenda zvikamu gumi kubva muzana mugore ra2020.¹²
32. Zvinechokuita nehupenyu neugaro hwakanaka hwevashandi vari munezveutano, kushungurudzwa kuburikidza nekutyishidzirwa nehurumende yeZimbabwe; iyi inyaya inoda kugadziriswa, pachitariswa nyaya yokuti vanhu vanoramwa mabasa nguva nenguva.

33. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kuramba pachivandudzwa hurongwa nemashandiro pane zvinechokuita nehutano

hweveruzhinji nekurikidza nekuvandudza mafambisirwo ebasa panzvimbo dzinechekuita nekuwaniswa kwehutano, kusimudzira vashandi kuti vave nezvakakwana (kunyanya vanoita mabasa ezveutano munharaunda mugere vanhu), nekugadzirisa matambudziko ekushaikwa kwezvivakwa nezvokushandisa.

- b. Kusimudzira nyaya dzinechokuita nezvehupenyu neugaro hwakanaka hwevashandi varimunezveutano kudzivirira kuti vasaramwe mabasa izvo zvinozokanganisa zvakanyanya mafambiro ebasa.
- c. Kukoshesa hurongwa hwekuisa kodzero dzavanhu mberi panoitwa hurongwa hwemashandisirwo achazoitwa mari panezvinechokuita neveruzhinji munyika kuti pave nechokwadi chokuti mari dzashandiswa mabasa akakosha akatojekeswa nechekare anechokuita nekodzero dzavanhu.
- d. Kuendesawo mabasa anoda vanamazvikokota kuzvipatara zvemadhisitirikiti munyika yose.
- e. Kukoka nhume inoongorora nezvekodzero dzinechokuita nezveutano.

E22/E26 - KODZERO YEKUWANA MVURA YOKUMWA, ZVEKUSHAMBIDZIKA, NEZVOKUDYA¹³

Zvakaitwa muchidimbu:

34. Zvirongwa zvekuwedzera huwandu hwemvura hurikuenderera mberi, kusanganisira kugadzirisa nzira dzinofambisa mvura kunemamwe madhorobha – zvakaita senzvimbo inonatswa mvura yeMorton Jaffray muHarare kubva mugore ra2019. Zvikwanisiro zvakatoiswa parutivi kuti pava kwenzvimbo dzekuchengetera mvura zvakaita semadhamu kunzvimbo dzakasiyanasiyana dzenyika kusanganisira dhamhu reKunzvi-Musami pamwe nereGwayi-Shangani.
35. Asika pachine dambudziko rakakura mumadhorobha nekumaruwa rokushaikwa kwemvura yakachena, izvo zvakonzera kuti pave nekunetsana uye mhirizhonga munzvimbo dzinocherwa mvura, inova inowanzoitirwa kunyanya kuvanhukadzi, vasikana, vanhu vanorarama nehurema uye vakwegura. Nyaya dzokuvakira mumatoro dziri kungoramba dzichiitika, izvo zvinoisa nzvimbo dzinowanikwa mvura yakachena panjodzi.
36. Muchinyorwa chinobata kubva mugore ra2013 kusvika mugore ra2017 chakaitwa neMukuru wevanoongorora kushandiswa kwemari nezvikwanisiro muhurumende, zvinoratidza kuti panekusvibiswa kwenzvimbo dzinowanikwa mvura; kusinina kwetsvina dzevanhu dzichipinda muzvibhorani, zvinova zvinodzorerwa kumashure mabasa arikuitwa kuedza kuti vanhu vawaniswe mvura yakachena yekunwa.
37. Panyaya dzokuwanikwa kwezvokudya zvakakwana, Nhume yakazoongorora zvinechokuita nezvekudya yakashanya muZimbabwe muna Mbudzi mugore ra2019. Zvakaonekwa kuti kunyangwe hazvo kodzero yezvekudya iri nyaya inofanirwa kukosheswa sezvo irimo muBumbiroremutemo uye panemimwe mitemo yakawanda, "nzara inokonzerwa nekuda kwavanhu iri kupinda zvishoma nezvishoma munyika; vanhu vanodarika zvikamu makumi matanhatu kubva muzana munyika vava kutonzi havana zvokudya zvakaringana nekuda kwehurombo hwakanyanya, kudhura kwezvinhu uye nokutadza kuwana pundutso panezvokurima, pakati pezvimwewo".¹⁴

38. Komisheni inoona nezvekodzera dzavanhu munyika yeZHRC, kuburikidza nekufamba ichiita ongororo pamusoro perubatsiro rwokuwanisa vanhu zvekudya yakaona kuti nguva zhinji panopinzwa zve matongerwo enyika panyaya iyi, kunyanya kumaruwa kunova kunogara vanhu vanoshaya.¹⁵

39. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kuisa kodzera dzavanhu mberi panoitwa hurongwa hwemashandisirwo achazoitwa mari uye kupa mari nezvikwanisiro zvakakwana panyaya dzokuwaniswa kwemvura yakachena yokunwa munzvimbo dzose kumadhorobha nekumaruwa.
- b. Kuita zvose zvakakurudzirwa nenhume yakashanya kuzoongorora zvekodzera yezvokuwaniswa kwezvokudya muZimbabwe muna2019.
- c. Kukoka nhume inoona nezvekodzera dze kuwaniswa kwemvura yokunwa nezvinechokuita nekushambidzika.

E51 - KODZERO PANEZVEDZIDZO – DZIDZO YEPURAIMARI IRI PACHENA, INOSUNGIRWA KUWANISWA MUNHU WESE ¹⁶

Zvakaitwa muchidimbu:

40. Chikamu chechimakumi matanhatu nemana chemutemo wezvedzidzo (wakavandudzwa mugore ra2020) chinosingira kuti dzidzo yepuraimari iwaniswe mwana wose uye pachena. Mutemo uyu unotaura zvakare nezvekuwaniswa kwevanasikana mbatya dzokushandisa kuzvishambidza pachena panguva yekutevera kuti vagoramba vari muzvikoro. Mutemo uyu unoti imhosva kurova vana muzvikoro.
41. Asika, hapana matanho anobatika ati aiswa okuti hurongwa uhwu hutevedzerwe kuti dzidzo yepuraimari isungirwe kuwaniswa munhu wose uye ive iri pachena. Chirongwa cheBEAM chinobatsira mukuwaniswa kwedzidzo yakakosha yekutanga hwaro hwechikoro chakatanga mugore ra2001 kuitira kubatsira vanoshaya. Asika vana vazhinji havasi kuwana rubatsiro nekuda kwekushaikwa kwezvikwanisiro (parizvino vana vanosvika miriyoni imwe chete nechidimbu chiripakati nepakati ndivo varikubatsirwa, pavana mamiriyoni mana evakakodzera kuwana rubatsiro urwu) nekuda kwemari shoma nezvinoda kutevedzerwa pamafambisirwo echirongwa ichi.
42. Denda reKOVHIDHI-19 rawedzera dambudziko iri nekuunza dzidzo inowanikwa paindaneti senzira itsva yekudzidza nayo, inova inowanikwa nevana vashoma vanemhuri dzinowana. Vana vari kuzvikoro zvinowana mari shoma kumaruwa havana mukana wekuwana dzidzo paindaneti zvachose nekuda kwekushayiwa uye kusawana zvokushandisa zvinosanganisira masaisai nemidziyo yokushandisa.
43. Denda reKOVHIDHI-19 rakonzera kuti vana vazhinji vasiire chikoro panzira, kunyanya munzvimbo dzine vanoshaya vasingakwanise kubhadhara mari dzechikoro uye nokushaya zvokushandisa.
44. Hupfumi hwenyika husiri kunyatsoita zvakakanaka hwakonzera kuti vanhu varatidzire nenzira dzekuramwa kuenda kumabasa kwavadzidzisi vachiti mari dzavanowana hadzivatenderi kunge vachikwanisa kuenda kubasa, naizvozvo izvi zvinokanganisa mhando yedzidzo inowaniswa kuzvikoro.

45. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kutora matanho ekurevesa akadzama pahurongwa hunosungira kupa vana vose dzidzo yepuraimari pachena.
- b. Kutsvaga rubatsiro rwenyika dzokunze pakuisa zvivakwa nezvokushandisa pakudzidza munguva yedenda reKOVHIDHI-19, kunyanya kuzvikoro zvekumaruwa.
- c. Kutsvaka nzira dzokuunganidza nadzo mari inokwana kuedza kusimudzira mashandiro evadzidzisi uye kuwedzeravo mari dzavanotambira kuitira kuti vasabuda munyika vachinotsvaka mabasa kunze uye kuchengetedza hunyanzvi neruzivo rwavo rwakakosha.

F4 - VANHU VANORARAMA NEHUREMA; KUCHERECHEDZA NYAYA YEDZIDZO YAVO, KUVAGONESA KUPINDA MUZVIVAKWA ZVIRINYORE¹⁷

Zvakaitwa muchidimbu:

46. Hurumende yeZimbabwe irikugadzirira mutemo uchabatanidzira zvisungo zvirimuUNCRPD, kunyangwe izvi zvisati zvaiswa kuvanhu voruzhinji. Mutemo mutsva uyu uchabvisa uripo unoona nezvevanorarama neurema nemimwewo yekare isisafambirane nenguva yamazuva ano panyaya dzekodzero dzevanhu vanorarama nehurema.
47. Musi wa9 Chikumi, 2021, hurumende yeZimbabwe yakaparura hurongwa hwehwaro hunoona nezvevanorarama nehurema munyika. Hurongwa uhwu hwakatsigirwa nevanhu vakasiyanasiyana vanechekuita nemabasa akadai kusanganisira vemubatanidzwa wenyika dzepasi rose, chinangwa chiri chokugadzirisa nyaya dzokusiyiwa pahurongwa hwakakosha nekusarurwa kwevanorarama nehurema; kuvabatsirawo kusimudzira raramo yavo nekuti vabatsire kusimudzira nyika.
48. Panyaya dzekuvaisawo pahurongwa hwezvedzidzo, chitsauko 68B chemutemo wezvedzidzo chinopa masimba kuchikoro chose chakanyoreswa zviri pamutemo kuti chive nezvivakwa nezvokushandisa zvakakodzera kuvana vechikoro vanorarama nehurema.
49. Asi dambudziko riripo nderokuti hapana hurongwa hwenguva yakatarwa yokuti zvivakwa nezvinoshandiswa nevanorarama nehurema zvinge zvaiswa panzvimbo zvokuti vana vechikoro vawane dzidzo zvakangenzana nevamwewo vana.
50. Pachinedambudziko rekuti vanorarama nehurema vange vachikwanisa kupinda muzvivakwa nyore pasina dambudziko. Mutemo uripo parizvino unogotarira vanhu vanematambudziko ekufamba chete. Vanorarama nedzimwe mhando dzehurema, kusanganisira vanematambudziko ekusaona, havakwanise kupinda muzvivakwa zvinotenderwa munhu wese varivoga pasina anovabatsira. Izvi zvinopesana nehurongwa hweUNCRPD hwekuti vanhu vanofanira kuwaniswa zikwanisiro zvinoita kuti vakwanise kuzviraramira vose vasingabatsirwi nevamwe vanhu uye nekuti vaiswe muhurongwa pose panotaurwa nechekuita neraramo yavo.

51. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kukasika kuisa mutemo munyika unosanganisira zvisungo zviri muUNCRPD, vanorarama nehurema pamwe nemasangano anovamirira vachipawo pfungwa dzavo.

- b. Kutora matanho ekurevesa akajeka ekuva nechokwadi kuti zvikoro zvawaniswa zvivakwa nezvokushandisa zvinobatsira kutsigira zvedzidzo kuti iwanikwe navose muzvikoro, kunyanya kuzvikoro zveveruzhinji kumaruwa.
- c. Kufambisa mashoko nenzira inonzwisika kune vanorarama nehurema, kunyanya pamatanho ekudzivirira kupararira kwehutachiona hweKOVHIDHI-19 uye nezvekushandukashanduka kwawo.
- d. Kutora matanho ekutevedzerwa hurongwa hunobata nyaya dzevanorarama nehurema munyika.

D32 - KUNYANGARITSWA KWEVANHU NECHISIMBA: MHIRIZHONGA DZEVEMATONGERWO ENYIKA; KUNYANGARIKA KWAITAI DZAMARA¹⁸

Hapana zvati zvaitwa:

- 52. Hapana zvati zvaitwa nehurumende pakuita zvakagurwa nedare rePamusoro muna2015 pamusoro pekuferefeta nyaya yokunyangarika kwakaita Itai Dzamara aiva munhu airwira kodzero nehugaro hwakanaka hwavanhu. Mapurisa pamavhiki maviri ogaoga, kwemakore akawanda, vaizivisa pasina chaitika uye hapana kuferefetwa kwakati tsvikiti kwakaitwa.
- 53. Asika nyaya dzekupambwa kwevanhu dzirikuwanda. MunaNyamavhuvhu wegore ra2019, Samantha Kureya anoita zvenyambo nenyaya dzinobata vanhu muhupenyu akapambwa, akarohwa ndokumanikidzwa kunwa mvura inetsvina yevanhu, mushure mekutorwa nevanhu vasati vazivikanwa kubva pamba pake vachimupomera mhosva yekushoropodza nekunyomba hurumende munyambo dzake. Nyaya iyi haina kumboferefetwa.
- 54. Vamwewo vanorwira kodzero dzavanhu vakaita saTawanda Muchehiwa naTatenda Mombeyara vakapambwa zvakare nechisimba vakashungurudzwa.
- 55. Nhengo dzesangano reMDC, Joana Mamombe, Netsai Marova, naCecilia Chimhiri vakapambwa vakashungurudzwa, kusanganisira zvinechekuita nepabonde munaChivabvu mugore ra2020.
- 56. Hapana kuferefetwa kwati kwaitwa, naizvozvo vose vakapara mhosva idzi havasati vasungwa.
- 57. Kunyangwe hazvo pane mutemo urimuzira unobata maitiro evanochengetedza runyararo munyika, mutemo uyu hausati wapasiswa kuti ushande.
- 58. Hurumende yeZimbabwe haisati yaratidza chido chokuferefeta nyaya dzemhirizhonga dzevematongerwo enyika, kunyange inesimba rekuzviita. Nguva zhinji vanhu vanenge vaita mhirizhonga panevematongerwo enyika hurumende inovaregerera nekuvavharidzira kuti vasasungwa kana kutongwa.

59. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kuferefeta nekutonga vose vakava nechokuita nekunyangarika kwaitai Dzamara.¹⁹
- b. Kuferefeta zviitiko zvekupambwa kwevamwe vanorwira kodzero neugaro hwakanaka

hwavanhu vanosanganisira Joana Mamombe, Netsai Marova, Cecilia Chimhiri, Samantha Kureya, Tatenda Mombeyarara pamwe naTawanda Muchehiwa.

- c. Kuisa mutemo wevanomirira nekurwira kodzero dzavanhu sezvinotaurwa nechisungo chesangano rinomirira mubatanidzwa wenyika pasi rose.
- d. Kuisa mutemo unenzira dzokumhan'ara nadzo kuboka rakazvimirira risina kwarakarerekerera kuti vanochogetedza runyararo munyika vasvike pakuzvidavirira pamhaka dzavo.
- e. Kugamuchira zvisungo zvinobata nyaya dzevanhu vanenge vapambwa uye nokuzonyangarika pamwe nekukoka boka renyanzvi dzinoshanda pasi pesangano remubatanidzwa wenyika dzepasi rose dzevanoita mabasa anechokuita nezvevanhu vanenge vapambwa vachizosvika pakunyangarika.

D43 – RUSUNUNGUKO RWEKUTI VANHU VATARIDZE MAFUNGIRO NEMAONERO AVO²⁰

Zvakaitwa muchidimbu:

- 60. Hurumende yeZimbabwe yakabvisa mutemo unosunga vanhu vanokanganisa kugadzikana kweveruzhinji nekuchengetedzeka kwavo mugore ra2019 ikaisa mutemo mutsva. Kunyangwe zvakadaro, mutemo mutsva uyu unosunga hawo vanokanganisa runyararo nekugadzikana kwavanhu munyika (MOPA), asi nawowo unongoomesara vanhu zvisina maturo. Musiyano ungoripo chete newekutanga kubviswa kwechikamu chechimakumi maviri nenomwe (kumiswa kwenyaya dzokuratidzira nenguva dzinenge dzakatarwa), zvinova zvakanzi nematare hazvisi pamutemo. Mutemo mutsva uyu unoramba uri icho chombo chinoshandiswa kudzivisa kodzero dzavanhu panezvekudyidzana kana kuungana uye nekodzero yekuratidza mafungiro avo.
- 61. Panemitemo miviri ichiri kutobikwa izvozvi, inoti weKomisheni yezvekutapa nekufambiswa kwemashoko munyika newezvekuchengetedzwa kwezvinechokuita nezvakavanzika zveupenyu hwavanhu. Mitemo iyi irikuunzwa kuzotsiva mutemo unosunga vanowana mashoko nekuafambisa nenzira isingatenderwi uye nokuchengetedza zvakananzika zveupenyu hwavanhu, asika mitemo miviri iyi haisati yaparurwa.
- 62. Kusaremekedzwa kwekodzero dzokusununguka kwevanhu kuti varatidze mafungiro nemaonero avo kwadzikira zvakananyanya kubva paongororo yakapedzisira kuitwa. MunaNdira wegore ra2019, Hurumende yeZimbabwe yakambodzimira vanhu masayisayi eindaneti nechinangwa chekudzivisa vanhu voruzhinji kuratidzira vachigununa pamusoro pehurongwa hwaionekwa sehwaizorera nyika kumashure. Vatapi venhau vanosanganisira Hopewell Chin'ono varikutevererwa nekusungirwa nyaya dzokufumura mabasa ekutonga kusina kururama pamwechete nehuori.
- 63. Kunyangwe hazvo pachiratidzika kuti panerusununguko panzira dzinoshandiswa navanhu vakawanda kuwadzana nekufambisa mashoko mazuva ano, pachinekumanikidzwa kunevamwe vanomirira nekurwira kodzero dzevanhu vakaita sevanotevera: vanomirira bato reMDC, Fadzai Mahere naJob Sikhala uyewo mutapi wenhau Hopewell Chin'ono avo vakasungirwa mhosva dzokuzivisa zvepanyepo zvinokanganisa chimiro nechiremera chehurumende panzvimbo dzokutumira nadzo mashoko mazuva ano.

64. Hurumende yeZimbabwe iri mubishi kuedza kuisa mutemo unorambidza vanhuwo zvavo vakazvimirira kutaura nehurumende dzedzimwe nyika pasina mvumo, uku kunova kuisa chinhu chakashata mubhuku remitemo munyika.

65. Zvinokurudzirwa kuti Hurumende yeZimbabwe inge ichiita:

- a. Kutora matanho ekubvisa mutemo weMOPA kuti ufambirane nezvinotaura Bumbiro remutemo wenyika pakodzero dzokuti vanhu vasununguke kuungana, kudyidzana nevavanoda uye kuratidza mafungiro nemaonero pasina kutya.
- b. Kusiyana netsika yokusunga kana kudzivisa vanhu vanenge vachiratidza maonero akasiyana neavo vachishandisa nzira dzirikushandiswa nevazhinji dzamazuva ano dzekufambisa mashoko. Iyi tsika kunenge kuri kutopa vanhu mhosva vanoratidza mafungiro nemaonero avo.

A61 - KUSHANDA PAMWECHETE NEMASANGANO ANORWIRA KODZERO NEUGARO HWAKANAKA HWEVANHU; KUTEVERERA ZVAKAKURUDZIRWA MUONGORORO KUONA KUTI ZVIRI KUTEVEDZERWA HERE²¹

Zvakaitwa muchidimbu:

66. Misangano yezveongororo dzezvinobata kodzero dzevanhu yakaitwa pakati pemasangano anorwira kodzero neugaro hwakanaka hwevanhu neHurumende yeZimbabwe. Asika misangano iyi yakanga iri yokumaka mumabhokisi ekunyorera chete kuratidza "kutenderana" nehurumende pamatanho ayakatora nezvirimuchinyorwa chayo, asi pasina hapo hurukuro chaiyo yakaitwa yekutsvaga pfungwa pakati pavanhu namapoka. Naizvozvo masangano anomirira nekurwira kodzero dzavanhu vakaita chinyorwa chino kuratidza zvizere mamiriro akaita zvinhu munyika panezvekodzero dzavanhu.
67. Nokuda kwaizvozvo, kushandidzana chaiko hakuko pakati peHurumende nemasangano anomirira kodzero dzavanhu

68. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kutora matanho ekurevesa pahurukuro nemasangano anomirira kodzero dzevanhu munyika panguva dzose dzekugadzirira misangano yeongororo uye kana yapfuura.

H1 - VANORWIRA KODZERO DZAVANHU – MAMIRIRO EZVINHU MUNYIKA KUMASANGANO ANORWIRA KODZERO DZEVANHU NEANOSHANDIDZANA NAVO²²

Hazvisati zvaitwa:

69. Hurumende yeZimbabwe irikuomesera mashandiro emasangano anomirira kodzero dzevanhu munyika nokungounza mitemo yakawanda mubandiko iri. Parikushandiswa mutemo unoona nezvemasangano evakazvipira akazvimirira oga kuita mabasa ekumirira nekurwira kodzero dzavanhu. Hazvina kufanira kuti mutemo uwu ugoshandisirwa masangano akasiyanasiyana anorwira kodzero dzevanhu asi iwo akanyoreswa pasi pemitemo yakasiyana.

70. Masangano akazvipira akazvimirira kurwira kodzero dzavanhu awa haana vanhu vanoamirira kudare repamusoro rinotaurwa nezvaro mumutemo wezvemasangano akazvipira akazvimirira kurwira kodzero dzevanhu munyika. Dare repamusoro rine basa rekuona kuti masangano awa ari kushanda zvakanaka nenzira dzinotarisirwa munyika. Mutemo uyu uri kuomesa mashandiro emasangano awa sezvo usingacherechedzi kuti bandiko iri rinofanirwa kuzvigadzirira roga hwaro hwehurongwa hwekushanda.
71. Kunyoresa sangano revanoda kushanda vakazvipira vakazvimirira kurwira kodzero dzavanhu nemutowo wakanyorwa mumutemo wemasangano awa, kune matambudziko akawanda anosanganikwa nawo, hakusi nyore sekunyorwa kwazvakaitwa pamagwaro. Zvinotora makore namakore kuti sangano repamusoro rinoona nezvemasangano akazvipira akazvimirira kuti rigare pasi rigogamuchira chikumbiro chokunyoreshwa kwemasangano akaita seawa. Kunonoka kwakadai kunodzivisa masangano anoda kushanda achirirwa kodzero dzevanhu munyika izvo zvaitozogona kubatsira pakuzadzikisa zvinenge zvakurudzirwa pazvinyorwa zveongororo dzakaita saine.
72. Masangano anoda kushanda achirwira kodzero dzevanhu munyika arikumanikidzwa kuendesha magwaro ezvibvumirano zvemashandiro avachazoita nehurongwa hwavo hwebasa kune vanotungamira basa kumatunhu, uku kuri kuedza kuti masangano aya atsauke pazvirongwa zvavo zvekuti vagotarira nyaya dzeutongwi hwakanaka uye nekuda kuti masangano awa aite zvavanoda ivo. Hapana hapo masangano akaramwa akadzamarira asiya mabasa nokuda kwekusafara nekushandurirwa hurongwa hwebasa.
73. Pamusoro paizvozvo, dambudziko riripo nderekuti panemitemo irikuda kuunzwa kuzoshandura mutemo wezvemasangano akazvipira uye akazvimirira, mutemo weBhuku remitemo yemhosva munyika uye mutemo wekuti vanhu vade kushandira nyika yavo.²³ Hurumende yeZimbabwe inoda kushandura mutemo wemasangano akazvipira akazvimirira kurwira kodzero dzavanhu. Izvi zviri kuitirwa kuedza kumbunyikidza hwaro hwemitemo yamashandiro nekuvanda nenyaya yokuti kutevedzera kurudziro yakanyorwa pechisere muchinyorwa chevanoona nezvehurongwa hwezvemari pamashandiro anoita masangano aya. Asika zvinyorwa zvekurudziro izvi zvinocherechedza kuti hurumende hadzifanirwi kutora matanho asina kufanira izvo zvinozokanganisa basa rine mweya wekubatsira zvokurevesa.²⁴
74. Mutemo uri kuda kuunzwa wekuti vanhu vade nyika yavo nekuirwira wakanangana nemashandiro emasangano anorwira kodzero dzevanhu munyika kupa mhosva vanotaura mashoko anoonekwa seanokanganisa chimiro chehurumende. Pakaunzwa pfungwa yomutemo uyu muparamende munaKurume wegore ra2020, vakatsigira pfungwa iyi vakati mutemo uyu unofanirwa kunangana nevemapato anopikisa uye nemasangano anorwira kodzero dzevanhu munyika.

75. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kuisa mutemo, ongororo inotevera isati yaitwa, unonyatsojekesa kuti ndowekuchengetedza kodzero nekusununguka kunotarisirwa kunevanhu uyewo masangano evanorwira kodzero dzevanhu;
- b. Kukoka nhume, inoongorora mamiriro akaita kodzero dzevanorwira kodzero dzavanhu, kuzoongorora uye nekupawo mazano ezvakanaka zvingaitwa kubatsira kushanda kusina njodzi uye kwakasununguka;²⁵
- c. Kushandura mutemo wemasangano avakazvipira vakazvimirira kurwira kodzero

dzavanhu kuti upe masimba kune vachazopa hurongwa hwezvemashandiro kuti vasave nedivi ravakarerekerera, vaite basa nemazvo vagova mumiriri wemasangano avakazvipira vakazvimirira kurwira kodzero dzavanhu munyikayose.

- d. Kusiya uye nekusakurudzira nyaya yokugadzira mitemo inechekuita nezvekuti vanhu vade nyika yavo vagoirwira²⁶ sezvo mitemo iripo parizvino yakatokwana kare kuchengetedza kuvimbika pane zvinechokuita nenyika nekusimudzira chimiro chakanaka chenyika kunze nepasi rose.
- e. Kugamuchira nokutendera kuti masangano anorwira kodzero dzevanhu azvigadzirire hwaro hwemashandiro, izvi zviiitwe mushure mekuonesana kuburikidza nehurukuro.

D33 - KUSUNGA VANHU ZVISINA MWERO NEKUVAPFIGIRA - KUSHANDISA SIMBA, KURWADZISA, KUTYISIDZIRA, NEKUSHUNGURUDZA²⁷

Hazvisati zvaitwa:

76. Hurumende yeZimbabwe iri kuramba ichikundikana kutonga nyika isingatsudziri mutemo. Iri kungosunga vanhu pasina zvikonzero zvakati tsvikiti nekuvaendesa kumatare edzimhosva sechombo chokunyaradza nokutyisidzira avo vanorwira kodzero dzavanhu. Mugore ra2020 roga, pasina zvikonzero zvakati tsvikiti pakasunga nekuvharirwa vanhu vakawanda kwenguva yakareba. Izvi zvaiitwa nekuti vakanga vabuda pachena kuti vaipikisa utongi hwehurumende hwavaiona sehunehudzvanyiriri. Vanhu ava vanosanganisira Hopewell Chin'ono, Jacob Ngarivhume, Godfrey Kurauone, Job Sikhala, Fadzai Mahere, nevadzidzi vanosanganisira Takudzwa Ngadziore, Tawanda Mucheyiwa naAllan Moyo. Izvi zvinoratidza kuenderera mberi kwenyaya dzokungosungwa kwevanhu pasina kana zvikonzero.
77. Dai nyaya idzi dziri dzechokwadi panekurevesa mukati dzaifanirwa kungotongwa dzopera nokuti inyaya diki. Kusapera kwadzo kunongoratidza chete kuti kusungwa kwavakaitwa chakanga chingori chombo badzi chokunyaradza nekushungurudza avo vanosimudza manzwi kupikisa hurumende.²⁸
78. Pakubatsira vanhu vakanga vakanangwa mugore ra2018 roga, sangano remagweta anorwira kodzero dzevanhu munyika reZLHR rakaita nyaya dzinosvika mazana mashanu nemakumi mana neimwe. Nyaya dzinosvika zana nemakumi maviri nembiri dzakanga dziri dzokubatsira avo vanorwira kodzero dzavanhu, vakanga vasungirwa nyaya dzokumidzira nehurumende vachiipikisa. Nyaya dzinosvika mazana mana negumi nepfumbamwe dzakakwidzwa kumatare panyaya dzinechokuita neruzhinji. Nyaya dzinosvika mazana maviri nemakumi manomwe nenhatu dzakanga dzine chokuita neBumiro remutemo wenyika nedzinechokuita nekonzero dzavanhu dzakakwidzwa chinangwa chiri chokuti Bumiro remutemo wenyika ritevedzerwe. Nyaya dzinosvikawo zana nemakumi mana nenhanhatu dzakanga dzichipikisa nyaya yekuti hurumende isatenderwe kungotyora mutemo chero payadira pasina kana chainoitwa.²⁹

79. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Hurumende yeZimbabwe inofanirwa kugamuchira yoshandisa chibvumirano chinorambidza nyika kuti dzirwadzise vanhu nokuvarwisa muhosungwa nechinangwa chokuti munhu areurure uye nemutemo unobatsira chibvumirano chekonzero dzevanhu pane zvevatongerwo enyika pasi rose.³⁰

- b. Parizvino panofanirwa kuwedzerwa mutemo muBhuku guru remitemo yemhosva munyika kuti paiswewo mhosva dzinechokuita nekurwadziwa kwevanhu vari muhusungwa nechinangwa chokuti vareurure kana kubvuma mhosva. Izvi zvirambidzwe zvachose sokunyorwa kwazvakaitwa muchitsauko chemakumi masere nenhanhatu pandima ya(3) cheBumbiro remutemo wenyika uye nepamutemo unosunga nyika dzose;
- c. Kusiwana netsika yokungosunga vanhu pasina zvikonzero nekuvaendesa kumatare senzira yokuda kuvashungurudza chete avo vanosimudza manzwi vachipikisa hurumende.

B51 - NZIRA DZINOSHANDA KUGADZIRISA MATAMBUDZIKO – KUVANDUDZA MUKANA WEKUWANISA VANHU RUBATSIRO PANE ZVEMUTEMO³¹

Zvakaitwa muchidumbu:

- 80. Hurumende yeZimbabwe inofanirwa kutendwa nematanho ayakatora ekuvhurawo matare edzimhosva kunedzimwe nzvimbo dziri kunze kwemadhorobha. Kwava nemamwezve matare maviri ePamusoro. Panerakavhurwa kuMasvingo mugore ra2016 uyezve rimwe kwaMutare mugore ra2018. Pakavhurwa matare evatongi vemajisitireti avakushanda munyika yose kuti vanhu vawane nzvimbo dzavangaenda kunobatsirwa panezvemutemo.
- 81. Kuumbwa kwesangano rinobatsira pachena vanoshaya panezvemitemo munyika (LAD), chiratidzo chakakosha pakuedza kuwanisa vanhu rubatsiro panezvemutemo. Mahofisi aya, anobatsira vanoshaya, ari kushanda parizvino anowanikwa muHarare, kuBulawayo, kuMasvingo nekwaMutare. Asika sangano reLAD harina mari yakakwana zvinova zvinokanganisa kufamba kwebasa ravo. Kazhinji kana pakatariswa vanhu vakawanda havakwanisi kubhadhara magweta.
- 82. Masangano evanorwira kudzero dzavanhu anoyamurawo hurumende pakuwanisa vanhu rubatsiro panezvemitemo kuvanhu panezvanenge vachida munyaya dzezvemutemo kana panyaya dzinobata vanhu voruzhinji.
- 83. Vanhu havasi kukwanisa kuwana rubatsiro rwakakwana panezvemitemo nokuda kwedenda reKOVHIDHI-19. Nyaya dzakakwidzwa kumatare edzimhosva dzakadzikira zvakananya zvemugore ra2020 nezvikamu makumi mana nezviviri kubva muzana kana zvichienzaniswa nemugore ra2019. Izvi zvakonzera nokuda kwezvisungo zvinorambidza vanhu kufamba pachidzimirwa kupararira kweutachiona hweKOVHIDHI-19.³²
- 84. Sangano rinomirira magweta munyika reLSZ rakashoropodzwa munguva pfupi yadarika. Zvinhu zvakadai zvinoisa sangano iri panjodzi yokuti rionekwe sezvinonzi panedivi rarakarerekerwa. Izvi zvinokanganisa zvakare rusununguko rwekuti sangano iri rizvigadzirire roga mitemo yakafanira pabasa raro uye nekudzivisa magweta anova nhengo kuti vasatora nyaya dzakananya zvevatongerwo enyika.

85.Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kuva nechokwadi chokuti pawedzerwa rubatsiro runopiwa panezvemitemo, dzidziso uyezve kupa vanhu voruzhinji zivo zvisinei kuti pane dambudziko redenda kuitira kuti vanhu vawane rubatsiro pane zvemitemo nekuonawo kuti zvirikufambiswa zvakanaka here.

- b. Kupawo mari inokwanira pamwechete navanoshanda nekuisa mitemo yakafanira kana hurongwa hwezvemashandiro kubatsira kuti matare akwanisewo kuita nyaya dzevanhu vanenege vari kure nakure zvichiitwa pamavhidhiyo kana dzimwe nzira dzinoshandisa indaneti.
- c. Kushandisa dzimwe nzira dzekuwanisa rubatsiro pane zvemitemo sokutendera vaneruzivo pane zvomutemo kuburikidza nekushanda nemagweta asi vasina kudzidzira kuita magweta mukana wokuti vabatsirewo kuitira vanoshaya sevari kumamisha kuti vawane rubatsiro panezvemitemo.
- d. Kuisa zvikwanisiro zvinoita kuti hurongwa hwezvekushanda kwenzira dzinoda michina yamazuva ano paindaneti hukasike kuitwa. Izvi zvichiitirwa kuti pavambwe uye nekushanda zvizere kuwanisa vanhu rubatsiro panezvemitemo nenzira dzinoshandisa michina yaamazuva ano paindaneti pahuronga pakufambisa nyaya (IECMS).

D51 - MAFAMBISIRWO ENYAYA PAKUTONGWA, KUTONGWA KWAKAFANIRA UYEZVE KUSUNUGUKA KWEVANOTONGA³³

Zvakaitwa muchidumbu:

- 86. Kubva mugore ra2016 pakava nokudzikira parusununguko runotarirwa kunevanenge vachitonga nyaya dzinechokuita nezvematongerwo enyika,
- 87. Kubva mugore ra2020 kusvika mugore ra2021, vazhinji vevanorwira kodzero dzavanhu, vasungwa vemapato anopikisa uye nevatapi venhau vakazvimirira voga vakasungwa pasina zvikonzero zvakati tsvikiti vakavharirwa kwenguva yakareba nyaya dzisati dzatongwa. Somuenzaniso, Hopewell Chin'ono naJacob Ngarivhume vakanyimwa mukana wekutongwa vachibva panze mushure mokusungirwa mhosva dzokutumira mashoko nenzira dzamazuva ano dzeindaneti patwita. Panguva imwechete vakange vachisungirwa mhosva dzakati kurei sevaimbova gurukota rebazi rezveUtano nezveVana munyika VaObadiah Moyo, vachitenderwa havo kutongwa vachibva panze nemukana wekutanga chaiwo.
- 88. Mushure kwekuratidzira kwakaitwa muna Ndira wegore ra2019 vanhu vakakumbwa vachisungwa nekuendeswa kumatere edzimhosva emajisitireti. Vasungwa vachipinzwa mumatare vakapatsanurwa-patsanurwa kunyangwe vakanga vakatarisana nemhosva dzimwe chete. Vasungwa ava vakanyimwa mikana yekutongwa vachibva panze pasina kana zvikonzero zvinogutsa uye nokutongwa zvechimbi-chimbi.
- 89. Kupfuudzirwa mberi kwemitongo nematare panyaya dzekugurwa kwezvikumbiro zvokutongwa kwevasungwa vachibva kunze kuri kuwedzerawo nguva yokuti vasungwa varambe vakavharirwa. Kusaendeswa kwemagwaro ose anodiwa kumatere ekumusoro nenguva kana pakwidzwa nyaya vanhu vagunun'una, kunyangwe mutemo uchiti nyaya dzokuti vanhu vatongwe vachibva kunze dzakakosha chose uye dzinofanirwa kuita nekukasika.
- 90. Panyaya dzokusununguka kwevatongi pakuita basa ravo, nyika yadzokera kumashure panya idzi. Kushandurwa kweBumbiro remutemo wenyika hakuchazotenderi kuti majaji vapinde basa mushure mekubvunzwa paruzhinji asi kuti mukuru wenyika ndiye anenge woasarudza.
- 91. Majaji anotonga nyaya vasina divi ravakarerekera varipanjodzi yokusiyiswa mabasa. Mumwedzi waChivabvu gore ra2021, majaji matatu ekudare rePamusoro vakatonga nyaya

yekuwedzerwa nguva yekushanda nemutungamiri wenyika kwemukuru wemajaji munyika mushure mekunge asvitsa makore ekusiya nawo basa ekuberekwa kuti achienda pamudyandigere. Majaji aya akatsoropodzwa paruzhinji ndokutyishidzirwa neHurumende yeZimbabwe kuburikidza negurukota rinoona nezvemitemo nokutongwa kwedzimhosva kumatare kunyangwe pasina kujekeswa kuti chii chaizovawira.

92. Paneimwewo nyaya Jaji Erica Ndewere vakasiyiswa basa kuburikidza nedare rakasarudzwa kuti ritonge nyaya yavo yokuti zvinoonekwe kana zvichakakodzera kuti varambe vachishanda basa rajaji. Kunyangwe zvakadaro asi chinhu chaizivikanwa kare neveruzhinji kuti nyaya chaiyo yanga iri yokuti vakanga varamba kutonga nyaya sezvakanga zvarehwa nemukuru wemajaji. Zvaidiwa ndezvokuti vaifanirwa kutonga vachirerekera kurutivi rwehurumende panyaya dzevemapato anopikisa pazvikumbiro zvavanokwidza vachinyunyuta kumborambirwa kutongwa vachibva panze kwakaitwa kumatare epasi.

93. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kuisa matanho akajeka anosimbisa nyaya yokuti vanotonga dzimhosva vatonge vakasununguka.
- b. Kushandisa mutemo pasina tsvete zvinoratidza kuti mutemo unochengetedza munhu wose zvakafanana. Hurumende inofanirwa kusiya nyaya yokuda kuenderera mberi kuedza kushandura Bumbiro romutemo.
- c. Kutendera kuuya kwenhume, inobva kunze, inomirira zvinechokuita nekushanda kwamajaji nemagweta zvakasununguka.

A41 - HURONGWA HWEMASHANDIRO EBUMBIRO ROMUTEMO WENYIKA NEMIMWEWO MITEMO; KUONGORORA ZVEKARE MITEMO NOKUIDZOREREDZA KUTI IFAMBIANE NEBUMBIRO ROMUTEMO WENYIKA³⁴

Zvakaitwa muchidumbu:

94. Mumwedzi waKukadzi mugore ra2015 pakatsvakwa boka remakurukota ehurumende akabva kumapazi akasiyana-siyana kuti ribatsiridze kugadziriswa kwemitemo kuti ifambirane nezviri muBumbiro remutemo wenyika. Pamitemo yakanga yakatarisirwa kuti igadziriswe. Pamitemo inosvika makumi mashanu nepfumbamwe, mitemo inosvika makumi matatu chete ndiyo yati yagadziriswa kuti ienderane nezviri muBumbiro remutemo wenyika kusvika parinhasi. Pamirirwawo mvumo yedare ramakurukota ehurumende pamitemo inosvika makumi maviri nemapfumbamwe.

95. Kunyangwe hazvo pave neshanduko yakanaka yakaunzwa nokugadziriswa kwemitemo iyi kuti ifambirane neBumbiro remutemo wenyika, mimwe yacho ndeyekungobata vanhu kumeso chete nokuti haina shanduko yakakura yainounza kumitemo yairi kuedza kuda kushandura panyaya yokuti igofambirane neBumbiro remutemo wenyika. Mienzaniso iyi inosanganisira mutemo unoshandura mutemo wezvehutano hweveruzhinji nedzidziso pane zvehutano. Nemimwewo mitemo mitsva inosanganisira mitemo yakaita semutemo unosungwa vanokanganisa runyararo nekugadzikana kwavanhu munyika (MOPA) uchazotsiva mutemo unosungwa vanhu vanokanganisa kugadzikana kweveruzhinji nekuchengetedzeka kwavo (POSA).

96. Paramende munguva pfupi yadarika yakaunza mitemo wekutanga nowechipiri

inoona nezvekushandurwa kweBumbiro remutemo wenyika. Izvi hazvina kuitwa nemwero chaiwo sezvo zvichibva zvachose mukana wokuti vanhu veruzhinji vave nechekutaura pakupinda mabasa kwamajaji uyewo Muchuchisi mukuru. Izvi zvinotendera mukuru wenyika kuva namasimba kusvika paanoda ekuwedzera nguva ingashandwa nemajaji.

97. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kusiyana nenyaya yekuda kuramba pachingoshandurwa Bumbiro remutemo wenyika asi kuti pagomirirwa kuti mitemo mimwe yose itange yagadziriswa kuti ifambirane nezvakanyorwa muBumbiro remutemo wenyika.
- b. Kupedza kugadzirisa mitemo yose kuti ifambirane nezvakanyorwa muBumbiro remutemo wenyika, kuburikidza nekuunza zvinobatika pakushandura mitemo iyi kuti iti kwatikwati igofambirana nezvirimuBumbiro roMutemo wenyika.

D7 - KODZERO YEKUPINDAWO PANE ZVINE CHEKUITA NERUZHINJI UYE NEKODZERO YOKUVHOTA PASARUDZO; MAKOMISHINI AKAZVIMIRIRA OGA ESARUDZO³⁵

Zvakaitwa muchidumbu:

98. Sangano reZEC ikomishini yakazvimirira inoona nezvekufambiswa kwesarudzo. Komishini yeZEC yakatura mutemo wesarudzo pamusoro pezvekunyoresa wechimakumi masere neshanu wegore ra2017 uyo unopa mitemo nenzira inotevedzwa pakunyoresa kuvhota. Nzira yokunyoresa kuvhota pachishandiswa zvidhindo zvemimwe yeBVR yakashandiswa kekutanga muZimbabwe pakugadzira gwaro rine mazita evakanyoresa kuvhota. Kakavawo kekutanga kuti sangano reZEC rinyore mazita evainyoresa kuzoda kuvhota pasarudzo, rinova basa raimboitwa nevemahofisi aMabharani mukuru wehurumende anoona nezvekunyoreswa kwamagwaro akakosha akaita sezvitupa nezvimwe. Pamusoro paizvozvo, ndiko kakava kekutanga kushandisa hurongwa hwekuti zita remunhu akanyoresa kuvhota riwanikwe panzvimbo imwe chete panova ndipo paanokwanisa kunovhotera. Nzira iyi yakashandiswa kekutanga pasarudzo dzomubatanidzirwa munyika yose.³⁶
99. Sangano reZEC rinosungirwa kukurudzira kuita zvakajeka nekuva nechitsvambe chokuona kuti basa rafamba nemazvo here. Pokutanga sangano reZEC rakatora nhanho dzakawanda pakuedza kushandidzana nevamwe vanechokuitawo nezvesarudzo kusanganira masangano anorwira kodzero dzavanhu. Sangano iri rakabatsiridza pakuedza hurongwa hwehurumende kutendera masangano ekunze kuzoongorora sarudzo munyika.
100. Asika dambudziko riripo nderokuti chitsauko chechimakumi maviri netatu chemutemo wesarudzo chinongotendera chete kuti munhu anofanirwa kunge achigara munharaunda imomo kuti agonyoresa kuvhota. Izvi hazvikwanisiki kuitika kuvanhu vanogara kunze kwenyika, vasungwa uye nevamwewo vakaita semaroja. Vanhu vakaita seava vakatadza kuratidza huchapupu hwekwavanogara munharaunda hwakaita kuti vasawaniswa mukana wekuvhota.

101. Zvinokurudzirwa kuti zvigoitwa:

- a. Kuisa mutemo wekuva nechokwadi chokuti kodzero yekuvhota iwaniswe kuna vose kusanganisira vari mumajeri nekunze kwenyika.

- b. Kutenga michina inoshandisa indaneti nenzira dzamazuva ano kubatanidza mabasa akawanda pamuchina mumwechete sekunyoresa mazita evachazoda kuvhota, vanoda kuzotarisirwa kuti mazita avo aripo here uye nezvose zvinodiwa musi wesarudzo nekufambisa mashoko ezvinenge zvakubuda musarudzo.
- c. Hurumende nesangano reZEC zvinokurudzirwa kuvhura dzimwe nzvimbo dzokuvhota dzinoshandisika nyore nevanhu vanorarama nehurema, kusanganisira kuitawo magwaro ekuvhota ane runyoro runoshandiswa nevasingaoni.
- d. Kubatsira kuti vanhu vawane magwaro akafanana nezvitupa kuti vakwanise kunyoresa kuti vagovhota.
- e. Kuita zvakakurudzirwa nemasangano akazvimirira anoongorora sarudzo emuno uye neekunze musarudzo dzakaitwa dzomubatanidzirwa dzegore ra2018.

Endnotes

- ¹ (Madagascar); 131.69; (Mexico); A/HRC/34/8; 131.59.
- ² CCZ 2015-12 Mudzuru & Anor v The Minister of Justice, Legal Parliamentary Affairs & Ors.
- ³ <https://www.zimgbvportal.org.zw/download/zimbabwe-national-action-plan-and-communication-strategy-on-ending-child-marriage/>.
- ⁴ (Kenya) 131.62; A/HRC/34/8 - Para. 131
- ⁵ 131.70 (Israel); 131.71 (Turkey); 131.72 (Timor-Leste); 131.73 (Canada).
- ⁶ ZDHS 2015, available at <https://dhsprogram.com/pubs/pdf/FR322/FR322.pdf>.
- ⁷ Stopping Abuse and Female Exploitation (SAFE) Zimbabwe Technical Assistance Facility, "Violence Against Women and Girls during the COVID-19 Crisis in Zimbabwe: Analysis of practice-based data from Women's Coalition of Zimbabwe" at <http://www.adultrapeclinic.org.zw/wp-content/uploads/2020/09/SAFE-Report-on-Gender-Based-Violence-Data-in-Zimbabwe-during-C19-for-publication-with-logo.pdf>.
- ⁸ (Slovenia) 131.52; (Maldives) 131.57; (Mexico) 131.59; (Pakistan); 131.38;
- ⁹ <https://www.unicef.org/zimbabwe/gender-focus>.
- ¹⁰ (Panama) 131.116; budgetary allocations to health (Kenya) 131.120; A/HRC/34/8 - Para. 131.
- ¹¹ <https://covid19.who.int/region/afro/country/zw>.
- ¹² <https://www.unicef.org/esa/media/6501/file/UNICEF-Zimbabwe-2020-Health-Budget-Brief.pdf>.
- ¹³ (Spain) 131.111; fair distribution (Chile) 131.107; A/HRC/34/8 - Para. 131
- ¹⁴ Report on Zimbabwe available at: <https://digitallibrary.un.org/record/3871294?ln=en>.
- ¹⁵ Zimbabwe NGO Forum: The Politics of Food: A Contextual Analysis of the Distribution of Food Aid in Zimbabwe, 2021.
- ¹⁶ (Slovenia) 131.131; access in rural areas (Morocco); 131.124; (Mexico); 131.108 (A/HRC/34/8 - Para. 131).
- ¹⁷ (Israel) 131.18; rights of PWDs (Algeria) 131.133.
- ¹⁸ 131.64; A/HRC/34/8 - Para. 131.
- ¹⁹ Repeated recommendation.
- ²⁰ (New Zealand) 132.90; A/HRC/34/8/Add.1 - Para. 22.
- ²¹ (Norway); 131.62; A/HRC/34/8 - Para. 131 (split civic space issues form UPR collaboration).
- ²² (Ireland); 132.96; A/HRC/34/8/Add.1 - Para. 34.
- ²³ <http://www.veritaszim.net/node/4827>.
- ²⁴ See Recommendation 8 and its Interpretation Note here <https://www.fatf-gafi.org/publications/fatfrecommendations/documents/fatf-recommendations.html>.
- ²⁵ This is a repeated Recommendation.
- ²⁶ Insert link to Hansard when Motion was moved and debated.
- ²⁷ (Ukraine); 131.63; A/HRC/34/8 - Para. 131.
- ²⁸ Some CSOs represented in this submission are the attorneys of record hence are aware of the personal circumstances of these court cases.
- ²⁹ ZLHR 2018 Annual Report, p6.
- ³⁰ Repeated Recommendation from the previous Cycle.
- ³¹ (Togo); 131.87; A/HRC/34/8 - Para. 131.
- ³² International Commission of Jurists Zimbabwe, Report on the Impact of COVID-19 on Access to Justice in Zimbabwe, January 2021 p6.
- ³³ (New Zealand); 131.84.
- ³⁴ (Islamic Republic of Iran), 131.6; (Germany), 131.7; (Congo), 131.8 ; (Uganda), 131.10; (Egypt), 131.11; (Togo), 131.13; (Republic of Korea), 131.2; (Ghana), 131.3; (Australia), 131.5; (Thailand), 131.12; (Netherlands), 131.16; (France), 131.14; (Czechia), 131.15 - A/HRC/34/8 - Para. 131
- ³⁵ (United States of America); 131.34.
- ³⁶ <https://www.zesn.org.zw/wp-content/uploads/2015/10/Final-ZESN-2018-Harmonised-Election-Report.pdf>.

Ongororo yetatu munyika yeZimbabwe yekucherechedza budiro pamusoro pekodzero dzevanhu inoitwa nesangano romubatanidzwa wenyika dzepasi rose

Chinyorwa chezvaka bva kumasangano anorwira kodzero dzavanhu munyika
14 Chikunguru 2021



Vakatumamira
hurongwa:



Vakatsigira
hurongwa:



Ambasáid na hÉireann
Embassy of Ireland



GENERATION EQUALITY

